ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДДОКІ

№97 (22.505) • 2013 гъэм накъыгъэм (майм) и 30, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

ЩІэблэр егъэджэным хухах ахъшэр псыхэкІуадэ хъунукъым

КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и экономикэм папщІэ гъэжьакІуэхэр гъэхъэзырырыныкъІэ программэм тету нэгъуэщІ къэралхэм щыІэ бизнес школ нэхъыбІхэр къэзыухахэм. Ар щІэупщІащ еджэныгъэр зэрекІуэкІам, нэгъуэщІ къэралхэм Іэщ1агъэ зэрыщрагъэхъуэт щыІыдэм, апхуэдэу зыхуэрагъэджахэм щыщу ныкъыщ ныкъыщ хъыджэбзхэмрэ республикэм къыщагъэсэбэпыфынухэм.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ жаІащ Европэм и еджапІэ центр нэхъыбІхэм я щІэныгъэм зэрыщыхагъэхъуар абыхэм я дежкІэ икъукІэ зэрыссэбэлыр. Бизнес еджапІэхэм щагъуэта щІэныгъэр абыхэм къагъэсэбэпыфынущ зыпэрыувэжыну ІэнатІэхэм зегъэужьыным, абыхэм щыІэ гугъуехьэр дзгъэкІыным хуэунэтІауэ. НэгъуэщІ къэралхэм щеджакэм яхэтащ ивэпсту бизнес проект пыухыкІаэр гъэзэщІэным елэжьхэри, Іуэхъущапсэ щхьэхуэхэм къулыкъу лъагэхэр щызыІыкІыхэри. Къыщытэмэ, Бекъуэ Юлие Швейцарием щызрифъэзыуэтащ хъэщІэщхэр гъэлэжьэныкъІэ бизнесыр къызэрызэрагъэпэщым теухуа щІэныгъэ комплекс нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зым - «Синдика- хьэщІэщым и генеральнэ директорым и къуэдзэщ. Хьыджэбзым а лэжьыгъэр икъукІэ фІэгъэщІагъуэнщ. «Мыр сэ сыхьэт бжыгъэ пыухыкІа щызгъакІуэ Іэнатіэу аращхьым. Си лэжьыгъэр зыгеуХуар ди республикэм къакІуэ хьэщІэхэр я іуэрыІуатэ щІэныгъэм хухах ахъшэр зэи пщІэнтэу кІуэдыныкъым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ я Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэрал экзаменхэр къызэрыІахым тепсэлъыхьащ

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен районыр къызэрыпэхэр гъэзэщІа зэрыхъунум нэхъ тещІыхьыжу республикэм и Правительствэм и министрхэм дяпэкІэ зэфІагъэкІынухэр яубзыхун хуейщ. Апхуэдэу премьер Хьэсанэ Руслан щыжиІащ Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэжьІуэкІа зэІуэщІэм.

«РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм къалэн куэд къигъэуващ. Абыхэм я нэхъыбапІэр гъэзэщІа хъуным ахъшэшхуэ текІуэдзнущ. Республикэм и бюджетым дызыхуэжІуэ мазэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущи, абы щытхъуэ дэ зэпэтлъытпхъэщ мы гъэм дызыпэлъэщыну къалэнэхэри, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм дызэлэжьынухэри. Мыбдеж къыщылъытапхъэщ дэ ди ахъшэр зыхуэрикъунри, нэгъуэщІ хэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ къызэщІэдгъэуІуэфыну ахъшэр зыхуэдизри», - къыхигъэщхьэхуКІащ Правительствэм и Унафэщым.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм и школхэм накъыгъэм и 27-м зыщыщІадза Іэуэ щыт къэрал экзаменхэр къеІыхыныр зэрекІуэкІыну щыкІэр. Псалъэм къыдэкІуэу жыгтІэнщи, нэхъ ящэкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм ткІийуэ хуигъэуващ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыІихыныр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм и нэІэ тригъэтыну: «Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ягъэува хабзэ псоми тету къыІахын хуейщ, абы ткІийуэ фыкІэлъыплъ».

Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Семэн Пщыкан** Правительствэм и зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, урысыбзэмкІэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр жылагъуэ 38-м щекІуэкІащ икІи абы хэтащ курыт еджапІэхэр мы гъэм къэзыуххэм, апхуэдэу блэкІа илъэсхэм къэзыухахэм ящыщу 6958-рэ. Экзаменыр зыгъэн хуейхэм я процент 95-р къеКІуэлІащ. Экзаменыр къыщІахым мыхъумыщІагъэ хэхахэр къэхъуауэ гу лъатакъым, сабийхэм тэмэму экзаменыр ятын папщІэ зыхуей Іэмалхэр яІащ, адэ-анэм ящыщи къэтхъэусыхакъым. Министрым къыхигъэщхьэхуКІащ блэкІа илъэсхэм елъытауэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкІуэкІым кІэлъыплъхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар, апхуэдэу ахэр нэхъ жыджэруи лэжьащ. 2012 гъэм экзаменхэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъыну цІыху 90 къекІуэлІамэ, мы гъэм абыхэм я бжыгъэр 143-м нэсащ. ЕджапІэхэр къэзыуххэм къыкІэлъыкІуэ экзаменхэр биологиемкІэ, тхыдэмкІэ, информатикэмкІэ накъыгъэм и 30-м ят.

Правительствэм и УнафэщІым министрым гу лъригъэтащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыщыІаХкІэ мыхъумыщІагъэхэр къэмыихъун папщІэ, курыт школхэм къыщІэкІахэм экзаменхэр егъэтыныныкІэ республикэ комиссэм хэтхэм нэхъыбэрэ яхуэзэн икІи епсэлъэн зэрыхуейм: «Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм школхэр къыщыізуххэм ящыщ куэдым балли 100 къызэрахьыфыр зи фІэщ мыхъухэр мымащІэми, дэтхэнэми бгъэдэлъ щІэныгъэм хуэфащэ пщІэ игъуэтыпхъэщ. Дэ ди сабийхэр нэхъыжьхэм къыдофІэкІ икІи ар я щІэныгъэмкІэ къагъэлэгъуэ».

Республикэм экономикэ зыуэжьныныгъэмкІэ и министр **Мусуков Аний** и лэжьагъуэхэр щыгъуэзэ ящІащ цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр яхуэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай электрон системэ зэрызэтрагъэувэм, апхуэдэу «зы щхьэгъуЖэ фІэкІ къамыгъэсэбэпу» а Іуэхутхьабзэхэр цІыхухэм зэрырагъэгъуэтым. Министрым къызэхуэсахэм ягу къитгъэКІыжащ республикэм ис псоми я процент 90-м 2015 гъэм ирихьылІэу къэрал Іуэхутхьабзэхэр а хабзэм тету къыхуэзэрагъэпэщу щытын зэрыхуейм. Абы папщІэ районхэм къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэр, жылагъуэхэм - лэжьапІэ Іэнатіэ пыухыкІаэр щыгъэтрагъэуфэнущ. А лэжьыгъэр нэхъ зэман кІэщІым зэфІагъэкІыну, электрон Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ къэрал Іуэхутхьабзэхэр кьрагъащІэмэ зэрызнэхъ тынщым цІыхухэр хуауэщиину премьерым къалэну къигъэуващ.

ЗэІущІэм апхуэдэу нэгъуэщІ Іуэху зыбжани къыщаІэтащ. Дэтхэнэ Іуэхуми зэрепльыр щызэхуаІуатэм, мэкъумыр хуагъэуващ ведомствэхэм я къэрал программэхэр зэхэлъхьэныр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІыну, бюджет ахъшэр нэхъ тэмэму къагъэсэбэпыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Къэрал экзаменхэр ягъэувэн щхьэусыгъуэ

Щ1ыгъуэм Іэсыят.

Парт кодыІуэ хуит ящІ

Зи чэзу парламент хэхьныгъэхэм хэтыну хуитщ парт 47-рэ.

Зыгъэхъэзырар ЖЪЭКІУМЫХЬУ Мариэщ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыІэкъым.

● Гу зылъытапхъэ

Махуэшхуэр ягъэлъэпІэнущ

Макъамэмкіэ Москва щыІэ дунейпсо унэм «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблэр иригъэблагъащ мэкъуаугъэгъуэм и 1-м, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, екІуэкІыну зэхьхьэшхуэм хэтыну.

Ди къэфакІуэ цІорыІуэхэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэнущ Макъамэмкіэ унэм и Светлановскэ пэшым.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм екъэлІауэ Налшык щекІуэкІыну Іуэхугъуэхэр

Накъыгъэм и 31-м

Сыхьэт 20.00 - 23.00-хэм Абхъазым и утым хэщыщІэзрагъэпэщынущ «Фонарик желаний» псалъэ Іуэху. Ар хуэгъэзащ зи Іэпкъльэпкъ къызыдэмыбз сабийхэм, ныкъуэдыкъуэхэм.

Мэкъуаугъэм и 1-м

Сыхьэти 10.00-м Сабий стадионым щызэхэтынущ «Ди зыгъэпсэхуэгъуэ зэманыр хэсащІ» зи фІэщыгъэ спорт махуэшхуэ. Абы щекІуэкІынущ атлетикэ псынщІэмкІэ, стІол теннисымкІэ, баскетболымкІэ, волейболымкІэ, нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэмкІи зэхьэзэхуэхэр.

Сыхьэт 11.00 - 15.00-хэм «Ирехъу сабийхэр насыпыфІэ!» концерт-марафон щызэхэтыну Хьэтіохъущокъуэм и цІэр зезыхьэ жыг хадзм ит «Чайный домик» щхапІэм деж.

Сыхьэт 16.00-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм макъамэмкІэ школхэмрэ гъуэзджэхэмкІэ еджапІэхэмрэ я гъэсэнхэм камернэ музыкэмкІэ «Камерата» ансамблым хэтхэр я гъуэсу, пшыхь гукъинэж щагъэлъэгъуэнущ.

● ЗэІущІэхэр

Ныбжьыщ1э къэс - гулъытэ хэха

КъБР-м Щ1ыхубэ хъыбарегъащ1э Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм къыщапщытэжащ нэхъ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ проектхэр кьыхэхыныжьмкІэ республикэ конкурсым кьрнкІуэхэр.

МЫ ЗЭПЕУЭМ хэтащ республикэм фейдэ къэлэжьным пымыщІа и жылагъуэ зэгухьэныгъэу 11. Абы щытекІуауэ къалъытащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Галинэ Балигъыпі эмыувахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныныгъэр хъумэныжьмкІэ щыІэ комиссэм и зэІущІэм щытыкІэ гугъу иригъэува, щІэтэгъэкъуэн хуэныкъуэ сабийхэрщ, кьэралым гульытэ щхьэхуэ зыхуищІыпхъэхэрщ.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым, Портэ Галинэ жиІащ кьраухэжьа Іуэхум Іэнэдзгъэлэн хэмыту, жэуаплныгъэщхуэ яхэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр.

- Гъэмахуэ зэзыгъэпсэхуГъуэр къэсащ, абы ирихьэлІэу дэ сабийхэм я нэгу зыщиужьын, я узынщагъэ щрагъэфІэкІуэн щІыпІэхэр зэпэщ тщІын хуейщ. Ди лэжьыгъэм мыхьэнэ зимыІэзыри хэткъым, - жиІащ абы. Республикэм и кьалэхэм, куейхэм щыІэ сабий зыгъэпсэхупІэхэм я Іуэху зыІутыр къищІыну зэрыхуейр къыхигъэщащ комиссэм и унафэщІ Портэ Галинэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** псалъэ ирата ноужь, и гугъу ищІащ Къбэрдей-Балъкъэрым ит сабий зыгъэпсэхупІэхэмрэ ахэр нобэкІэ зэрыкъэзыырымрэ. Тюбеевым кьызэригъэльэгъуамкІэ, ди республикэм сабий зыгъэпсэхупІэ 48-м нэблагъэ щыІэщ, ауэ абыхэм ящыщ куэдыр зэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советыр, нэгъуэщІхэри. Конкурсым кьыщыщыхэжанакІа зэгухьэныгъэу 10-м псори зэхэту сом мелуани 4 субсидиеу ухахащ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

Сом мелуани 4-м щІигъу хухах

псэукІэр егъэфІэкІуэным тещІыхьа проектхэр гъэзэщІэным

«Чернобыль союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къбэрдей-Балъкъэр къудамэр, Афганистаным щекІуэкІа зауэм ныкъуэдыкъуагъэ хэзыухахэм я Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къбэрдей-Балъкъэр къудамэр, зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1ауэздэ Къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советыр, нэгъуэщІхэри. Конкурсым кьыщыщыхэжанакІа зэгухьэныгъэу 10-м псори зэхэту сом мелуани 4 субсидиеу ухахащ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

Процент 24-кІэ щыхохъуэ

Щ1ыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэр къызэрагъэпэщ. Ар зэгухьэныгъэкІэ и министерствэм къыщапщытэжащ нэхъ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ проектхэр къыхэхыныжьмкІэ республикэ конкурсым кьрнкІуэхэр.

КъАПЩТЭМЭ, нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм ящыщу къуат нэхъыбІэ зыщІэлъ щхьныгъуэхэм я бжыгъэм хагъэхъуащ (лым, лыхэкІхэм, бдзэжьеймэ, гъэшым, гъэшхэкІым, джэдыкІэм, хадзэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ). Абы ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм я Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къбэрдей-Балъкъэр къудамэр, зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1ауэздэ Къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советыр, нэгъуэщІхэри. Конкурсым кьыщыщыхэжанакІа зэгухьэныгъэу 10-м псори зэхэту сом мелуани 4 субсидиеу ухахащ.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Портэ Галинэ Балигъыпі эмыувахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныныгъэр хъумэныжьмкІэ щыІэ комиссэм и зэІущІэм щытыкІэ гугъу иригъэува, щІэтэгъэкъуэн хуэныкъуэ сабийхэрщ, кьэралым гульытэ щхьэхуэ зыхуищІыпхъэхэрщ.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым, Портэ Галинэ жиІащ кьраухэжьа Іуэхум Іэнэдзгъэлэн хэмыту, жэуаплныгъэщхуэ яхэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр.

- Гъэмахуэ зэзыгъэпсэхуГъуэр къэсащ, абы ирихьэлІэу дэ сабийхэм я нэгу зыщиужьын, я узынщагъэ щрагъэфІэкІуэн щІыпІэхэр зэпэщ тщІын хуейщ. Ди лэжьыгъэм мыхьэнэ зимыІэзыри хэткъым, - жиІащ абы. Республикэм и кьалэхэм, куейхэм щыІэ сабий зыгъэпсэхупІэхэм я Іуэху зыІутыр къищІыну зэрыхуейр кьыхигъэщащ комиссэм и унафэщІ Портэ Галинэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** псалъэ ирата ноужь, и гугъу ищІащ Къбэрдей-Балъкъэрым ит сабий зыгъэпсэхупІэхэмрэ ахэр нобэкІэ зэрыкъэзыырымрэ. Тюбеевым кьызэригъэльэгъуамкІэ, ди республикэм сабий зыгъэпсэхупІэ 48-м нэблагъэ щыІэщ, ауэ абыхэм ящыщ куэдыр лъэгъуамкІэ, нобэкІэ сабий 318-рэ учетым щытщ. Абыхэм я зэманыр пщІэнщэу ямыгъэкІуэдын папщІэ, сэбэныгагъ зыпылъ Іуэхуэхэр иригъэлжьыну я мурадщ.

ЗэІущІэм кьыщыхагъэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и чэнджэщкІэ, зэфІэкІ зыбгъэдэлъу кьалъытэ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманри даэу кьыхэригъэпэщыну зэрамурадыр.

КъБР-м Урыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Гаевэ Аленэ** и гугъу ищІащ сабий зыгъэпсэхупІэхэм кьабзэльабзагъэкІэ я Іуэху зытетым.

КъыкІэлъыкІуэу кьыхэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Балигъыпі эмыувахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныныгъэр хъумэныжьмкІэ щыІэ правительствэ комиссэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабийхэм я хуитныныгъэм хъумэныжьмкІэ щыІэ правительствэ комиссэм 2013 гъэм мазаем и 27-м кьышта унафэхэр гъэзэщІа зэрыхьым.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм унафэ ящІащ КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм федеральнэ мылькым кьыхэкІыу кьыхуауІыпщ ахьшэмкІэ щытыкІэ гугъу ит сабийхэм ящыщхэм гъэмахуэм зрагъэгъэпсэхуну. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ хабзэр кьыхэпызыудхэм якІэлъыплъ Іуэхущапі эхэмрэ зэгъусэу кьыхэрагъэпэщыну лагерхэм щыІэну вожатэхэр щрагъаджэ дерсхэр.

Апхуэдэуи Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі, Щэнхабзэмкі, Щ1ыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапі эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ министерствэхэмрэ Балигъыпі эмыувахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныныгъэр хъумэнымкІэ щыІэ правительствэ комиссэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабийхэм я хуитныныгъэм щагъэгъуэзэну, хабзэкъуэ Іуэхухэм ящыщ лагерхэм щыІэ вожатэхэр щрагъаджэ дерсхэр.

Апхуэдэуи Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі, Щэнхабзэмкі, Щ1ыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапі эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ министерствэхэмрэ Балигъыпі эмыувахэм я Іуэхухэмрэ абыхэм я хуитныныгъэр хъумэнымкІэ щыІэ правительствэ комиссэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабийхэм я хуитныныгъэм щагъэгъуэзэну, хабзэкъуэ Іуэхухэм ящыщ лагерхэм щыІэ вожатэхэр щрагъаджэ дерсхэр.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ ныдэ ныкъуэм къыфІарыхьыну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытеидзэ хъунущ республикэм и почт Іуэхущапі эмэ псоми.

Ди индексыр 51531

Дунейм щыхъыбархэр

ХэкІыпІэ къигъуэтащ

Мурманскэ областым и лІыкІуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым хэт Гурьев Андрей и пІалъэр къэмысу абы кьыхокІыж. Ар илъэс 12-м нэблагъэкІэ щыІэржащ Советым.

«Форбс» америкэ журнал щІэрыІуэм Гурьевыр яхибжащ дунейм щынэхъ щыІэщ. Нэхъапэм абы лъэтахэу Виноградов Павел, Мисуркин Александр, Кэссиди Кристофер сымэ ящІыгъуэ иджырей «хьэщІэхэр» фокІадэ пщІондэ лэжьэнущ.

Фокіадэ пщІондэ зэдэлэжьэнущ

«Союз ТМА-09М» кхъужьыр дунейпсо хьэрш станцым нэсри, абы хъарзынэу пынащ.

Байконур космодромым тельтыкІа кхъужьым исащ космонавтхэу Урысейм щыщ Юрчихин Федор, НАСА-м ей Найберг Карен, Европэ хьэрш агентствэм и астронавт Парминтанэ Лука сымэ. Иджы станцым щІыхуих щыІэщ. Нэхъапэм абы лъэтахэу Виноградов Павел, Мисуркин Александр, Кэссиди Кристофер сымэ ящІыгъуэ иджырей «хьэщІэхэр» фокІадэ пщІондэ лэжьэнущ.

«Псори зэхэту политикэ парт 71-р ятхащ, ауэ абыхэм ящыщу хэхьныгъэхэм хэтынур 47-м я лІыкІуэхэрщ», - жиІащ УФ-м и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и УнафэщІым и къуэдзэ Ивлев Леонид.

Политологыр куэдым кьызэралъытэмкІэ, ар егъэлеящ, хэхьныгъэхэр тэмэму екІуэкІынымкІэ сэбэп хъуну ящІэгъуейщ.

НОБЭ

▯ 1431 гъэм Руан кьалэм и утыпхъэм щагъэсащ Франджым щыщ бзыльхъугъэ хахуэ, инджылызхэмрэ франджыхэмрэ ирагъэкІуэкІа Ильэсищэ зауэм дзэзешэ Іэзэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа Жаннэ д"Арк.

▯ КъБР-м и щыхубэ артист, пшынауэ Іэзэ **Сэхъу Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

▯ Тележиссер, гъуэзджэ щІэныгъэхэм я канридат, УФ-м и Артиадэм и лауреат **Сэралъп Самарэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуаёзр махуэм градус 24 – 25-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

КъБР-м и Правительствэм

Къэрал экзаменхэр къызэрыІахым тепсэлъыхьащ

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен районыр къызэрыпэхэр гъэзэщІа зэрыхъунум нэхъ тещІыхьыжу республикэм и Правительствэм и министрхэм дяпэкІэ зэфІагъэкІынухэр яубзыхун хуейщ. Апхуэдэу премьер Хьэсанэ Руслан щыжиІащ Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэжьІуэкІа зэІущІэм.

«РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм къалэн куэд къигъэуващ. Абыхэм я нэхъыбапІэр гъэзэщІа хъуным ахъшэшхуэ текІуэдзнущ. Республикэм и бюджетым дызыхуэжІуэ мазэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущи, абы щытхъуэ дэ зэпэтлъытпхъэщ мы гъэм дызыпэлъэщыну къалэнэхэри, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм дызэлэжьынухэри. Мыбдеж къыщылъытапхъэщ дэ ди ахъшэр зыхуэрикъунри, нэгъуэщІ хэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ къызэщІэдгъэуІуэфыну ахъшэр зыхуэдизри», - къыхигъэщхьэхуКІащ Правительствэм и Унафэщым.

ЗэІущІэм къыщаІэта Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм и школхэм накъыгъэм и 27-м зыщыщІадза Іэуэ щыт къэрал экзаменхэр къеІыхыныр зэрекІуэкІыну щыкІэр. Псалъэм къыдэкІуэу жыгтІэнщи, нэхъ ящэкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм ткІийуэ хуигъэуващ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыІихыныр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм и нэІэ тригъэтыну: «Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ягъэува хабзэ псоми тету къыІахын хуейщ, абы ткІийуэ фыкІэлъыплъ».

Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Семэн Пщыкан** Правительствэм и зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, урысыбзэмкІэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр жылагъуэ 38-м щекІуэкІащ икІи абы хэтащ курыт еджапІэхэр мы гъэм къэзыуххэм, апхуэдэу блэкІа илъэсхэм къэзыухахэм ящыщу 6958-рэ. Экзаменыр зыгъэн хуейхэм я процент 95-р къеКІуэлІащ. Экзаменыр къыщІахым мыхъумыщІагъэ хэхахэр къэхъуауэ гу лъатакъым, сабийхэм тэмэму экзаменыр ятын папщІэ зыхуей Іэмалхэр яІащ, адэ-анэм ящыщи къэтхъэусыхакъым. Министрым къыхигъэщхьэхуКІащ блэкІа илъэсхэм елъытауэ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкІуэкІым кІэлъыплъхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар, апхуэдэу ахэр нэхъ жыджэруи лэжьащ. 2012 гъэм экзаменхэр зэрекІуэкІым кІэлъыплъыну цІыху 90 къекІуэлІамэ, мы гъэм абыхэм я бжыгъэр 143-м нэсащ. ЕджапІэхэр кьэзыуххэм кьыкІэлъыкІуэ экзаменхэр биологиемкІэ, тхыдэмкІэ, информатикэмкІэ накъыгъэм и 30-м ят.

Правительствэм и УнафэщІым министрым гу лъригъэтащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыщыІаХкІэ мыхъумыщІагъэхэр къэмыихъун папщІэ, курыт школхэм къыщІэкІахэм экзаменхэр егъэтыныныкІэ республикэ комиссэм хэтхэм нэхъыбэрэ яхуэзэн икІи епсэлъэн зэрыхуейм: «Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм школхэр къыщыізуххэм ящыщ куэдым балли 100 къызэрахьыфыр зи фІэщ мыхъухэр мымащІэми, дэтхэнэми бгъэдэлъ щІэныгъэм хуэфащэ пщІэ игъуэтыпхъэщ. Дэ ди сабийхэр нэхъыжьхэм къыдофІэкІ икІи ар я щІэныгъэмкІэ къагъэлэгъуэ».

Республикэм экономикэ зыуэжьныныгъэмкІэ и министр **Мусуков Аний** и лэжьагъуэхэр щыгъуэзэ ящІащ цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр яхуэщІэнымкІэ ведомствэхэм зэдай электрон системэ зэрызэтрагъэувэм, апхуэдэу «зы щхьэгъуЖэ фІэкІ къамыгъэсэбэпу» а Іуэхутхьабзэхэр цІыхухэм зэрырагъэгъуэтым. Министрым къызэхуэсахэм ягу къитгъэКІыжащ республикэм ис псоми я процент 90-м 2015 гъэм ирихьылІэу къэрал Іуэхутхьабзэхэр а хабзэм тету къыхуэзэрагъэпэщу щытын зэрыхуейм. Абы папщІэ районхэм къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэр, жылагъуэхэм - лэжьапІэ Іэнатіэ пыухыкІаэр щыгъэтрагъэуфэнущ. А лэжьыгъэр нэхъ зэман кІэщІым зэфІагъэкІыну, электрон Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ къэрал Іуэхутхьабзэхэр кьрагъащІэмэ зэрызнэхъ тынщым цІыхухэр хуауэщиину премьерым къалэну къигъэуващ.

ЗэІущІэм апхуэдэу нэгъуэщІ Іуэху зыбжани къыщаІэтащ. Дэтхэнэ Іуэхуми зэрепльыр щызэхуаІуатэм, мэкъумыр хуагъэуващ ведомствэхэм я къэрал программэхэр зэхэлъхьэныр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІыну, бюджет ахъшэр нэхъ тэмэму къагъэсэбэпыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Сурэтхэр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

«Россия-2»-м къегъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм 2013 - 2014 гъэхэм щыдзжэгунур щызэхэгъэкІ зэІущІэхэр «Россия-2» телеканалым эфир занщІэкІэ къыгъэлъэгъуэнущ.

НОБЭ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м Самарэ и «Металлургъ» стадионым я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуэнущ премьерлигэм и мыгъэрей зэхьэзэхуэм епщІыкІуплІанэ увыпІэр къыщызыхьа щІыпІэ **«Крылья Советов»-мрэ** япэ дивизионым ещанэ щыхъуа **«Спартак-Налшыкымрэ».**

Иужькіэ, **сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м,** Дон Іус Ростов щызэІущІэнущ **«Ростов»-мрэ** Хабаровск икІа **«СКА-Энергия»-мрэ.**

Махуищ дэкІынурэ, командзхэр я джэгупІэ губгъуэхэмкІэ зэхъуэжьынущ. **Мэкъуаугъэгъуэм и 3-м сыхьэт 12-м** Хабаровск щызэпэщІэуэбэнущ **«СКА-Энергия»-мрэ «Ростов»-мрэ. Пщыхьэщхьэм сыхьэт 19-м** Налшык и «Спартак» стадионым ди щІалэхэм **«Крылья Советов»-р** къыщырагъэблагъэнущ.

А зэІущІэ тІурыТым къариклуэхэм ящхъ иткІэ пчемпионлигэр хэт нэхъ хуэфащэмэ зэхэкІынущ. Джэгуэгъэ удэзыхьэх зэрыхъунрэ и щыхьэтщ щызэпэщІэ зэпльыф «Россия-2» телеканалым ахэр эфир занщІэкІэ къыгъэлъэгъуну къызэрыхихар. Ди гуапэщ «Спартак-Налшыкым» абы ехъулІэныгъэ щиІэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.



Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий пшыхьыр зыхуэгъэпса бзыльхугъэхэм ѳохьуэхьу

Налшык къалэ и Цыхубзхэм я советым и унафэщI Дыджэш Лидэрэ цыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзилярэ

Унагъуэр зыгъэдахэр цIыхубзырц

Къэрал киноконцерт гъатъэгъуэапIэм гуфIэгъуэ щытыкIэм нту щагъэлъэпIащ «Ильясым и щIыхь» пажэ» зэпеуэм щытекIуэхэр. Фигу къэдгъэкIыжьищи, мы Iуэхугъуэ гуапэр 2001 гъэм кьыщежьауэ нэхъ къэс врагъыкIуэкI. Абы и къызэгъэпэщакIуэр Налшык къалэм и Цыхубзхэм я советым.

УНАГЪУЭМ и дунейпсо махуэм - хуэгъэпсауэ кьыззрагъэпэщца пшыхь дахэр езыгъакIуэкI КъБР-м и Макъамэ театрым и солист **Абэнокьуэ Рустамрэ** Къэбардей драмтеатрым и актрисэ **КIэхумахуэ ФатIимэрэ** япэу утыкум хуит хуащIащ Цыхубзхэм я советым и унафэщI **Дыджэш Лидэ**. Абы гур зэщIэзыIэта псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ къызэхуэсахэм.

- Ди пшыхьым къеблэгъа анэшхуэхэм, анэхэм, инжыпIэкIэ гъащIэм и Iофым унатьуэм щызэтемыуэу цIыхубзхэм фи дунейр щIыщIыгъуэу, фи гур, фи псэр зэIуахауэ, насыпыфIэу фыпсэуну си гуапэщ. Сыхуейщ цIыхухьхьуэмэ фи пщIэр гъагъу, екъуIэныгъэрэ беягъэрэ фиIэу фыпсэуну, - жиIащ Дыджэшым.

Унагъуэр - лъагъунигъэм, пщIэ зэхуэщIыным, гуфIэгъуэм, дрэжэгъуэм и лъабжьащ. Арац сыт хуэдэ гугъуехьхэми пхыкIынымкIэ къарур щызэрыгъуэтыр, гъащIэм къыщохьуэIэ гуфIэгъуэзэжмкIэ, екъуIэныгъэжмкIэ псом япэу узыдэгъащIэр.

Пшыхьыр зыхуэщIа «Зэгурыпуэ унагъуэ - екъуIэныгъэ зиIэ унагъуэ» унэтIыныгъэм щытекIуа Унэжокьуэхэз Тимуррэ Заремэрэ, Алмэхэ Сергейрэ Зоерэ, Налыпчевхэ Альбертрэ Цэшрэ, Хачиевхэ Ибрэхьимрэ Ольгэрэ, Молаевхэ Маратрэ Мариерэ, Толстовхэ Евгениерэ Олегрэ и унагъуэхэр.

«Цыхубзхэм я Налшык советым щыхь зиIэу хэтщIэр хуагъэфэщащ КъБР-м и цыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля, Хэку зауэшхуэм хэта Сасыкъ Марие, лэжьыгъэм и ветеран Зибровэ Ларисэ сымэ. Абыхэм ящыщу пшыхьым кьрихьэлIэфар псомкIи фIыуэ яльагъу, щIэзыхуащI цыхубз усакIуэрщ.

«2012 гъэм и цыхубз пажэ» хуаухэщ: «Зи Iэщлагъэм кууу хэзыщIыкI» Iыхьэм - профессор, медицинр щIэныгъэхэм я доктор, СГА-м и егъэджакIуэ Теммоевэ Лейла, ДОУ №5-м и унафэщI Iэзычэ Лидэ. «ГущIэгъуэрэ псатIэмрэ» Iыхьэм - Налшык къалэ дэт сабий поликлиникэ №1-м и доухтыр нэхъыщхьэ Мэремщауэ ФатIимэ. «Гъуэджэм хуэлэжьэн» Iыхьэм щытекIуащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкьуэ Заринэрэ сурэтыщI Мамоновэ Светланэрэ. «Цыхубз жыдэхэр» - «Днипро» украин лъэпкъ щэнхабзэ центрым и Iэтащхьэ Харенко Светланэ, «Къэрал муниципальнэ къулькъуущI жыдэхэр» - КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и кьуэ-дзэ Карчаевэ Аминат.

«Цыхубзхэм псом хуэмыдэу ягу ирихьэ» саугъэт щхьэхуэр хуагъэфэщащ «Къэбалъкъуражданстрой» компанием и унафэщI Бэджыдэ Мухьэмэдэрэ Урысей Федерацэм зыхьумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергейрэ. Кубокымрэ лъэпкъ фащэкIэ хуэпа гуащэмрэ кьызэрэпэщакIуэхэм министрым Iэрагъэзыжьынуц.

Утыкум кьрагъэблэгъа унагъуэм, я IуэхущIафэрэ лэжьыгъэкIэ, дуней тетыкIэрэ екъуIэныгъэкIэ цIэрыIуэ цIыхубз дахэхэм хуагъэфэща саугъэтхэмрэ уэз гъэгъа Iэрамэхэмрэ Iэщlалъхьащ, псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэ **Уянаевэ Аминат**, КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм я IуэхугъэкIэ, жылагъуэ зегугъэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ и комитетым и упрофэщI **Хьэщхъуэжь Татьянэ**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудзэ **Мокаев Махъты**, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Борис**, къалэм и сурэтыщI нэхъыщхьэ **Дедегкаев Ким**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**, «Налшык къалэм и щэнхабзэ, зыгъэпсэхупIэ парк» я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Хочуев Алий** сымэ.

«Нобэрей пшыхьым кьрихьэлIащ гуапагъэрэ нэхъугъэкIэ зэщIэлыдэ цIыхубз екIуэм я нэхъ дахэхэр. Ди зэIущIэм и щхьэусыгъуэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ, - инэжыпIэкIэ унагъуэрщ нэхъыщIкIэ. Пэжщ, гуГуеуэхэри куэдщ, ауэ а псори кьызэнэкIыфынырщ, гъащIэ кьозыта цIыхубзым пщIэ хуэщIынырщ зэIуэзэщыгъэм и лъабжьэр. Цыхубзырщ унагъуэр зыхуэдэнур нэхъыбэу зэлъытар. Ар пщIэ иIэу пхъумэфыныр уасэнщэщ, - кьыхигъэщащ Сэхъурокъуэ Хьэутий икIи пшыхь дахэм кьрихьэлIа цIыхубзхэм насыпI, мамырыгъэ, гуапагъэ, зегурыIуэныгъэ щытепщэ унагъуэ быдэ яIэмэ зэригуапэр яжриIащ.

Республикэм и уэрэджыдэкIуэ, къэфакIуэ щIэрыIуэхэм, макъамэм дихьэх, куэдым фIыуэ яльэтуэ ныбжьыщIэхэм я нэгу зрагъэу- жьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Темыркъан Борис уэз Iэрамэ дахэкIэ егъэгуфIэ Хьэщхьуэжь Татьянэ

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

Зы щIыналъэм и щапхъэкIэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ хъэрычэтыщIэ Iуэхур дэIыгъыныкIэ и комиссэм кьупщытащ бизнес мащIэмрэ курытымрэ Май районым зэрыщыIэзэтеуа щIыкIэр икIи а лэжьыгъэр нэхъыбэу зэтезыбгъэ щхьэусыгъуэхэр сэтей кьащIащ.

- ЛЬЭПОЩХЬэПОХЭР республикэм и щыпIэ псоми щыIэзэхуэдэщ, ауэ дэ зытетщIыхьар хэхауэ зы щIыналъэм и щапхъэмкIэ ахэр гъэбелджыныгъ, - жеIэ комиссэм хэт Колесниковым Юрэ. – Май районым и экономикэм дежкIэ бизнес мащIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Куейм хьэрычэтыщIэ Iэнатlэу 1150-рэ щIэщ. Абыхэм ящыщу 869-р щхьэзакъуэрылажьэщ, 156-р – зи жэуапIныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа обществэщ, 125-р – фермер хозяйствэщ. Цыхьу минитхэм нэблагъэм уней подсобнэ хозяйствэ зэрахьэ. Районым щыпсэуэхэм я процент 40-м нэсыр бизнес мащIэм хэтщ.

ХьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цыкIуэхэмрэ курытхэмрэ я процент 42-р сатум, процент 20-м нэблагъэр - мэкъумэш хозяйствэм, процентн 10-р - жылагъуэ шхапIэхэмрэ нэгъэущI Iуэхутхьэбзэхэмрэ, процентн 8-р - промышленностымрэ транспортымрэ хуоэз. ЩIыпIэ бюджетым налогыу хальхьэм ильэс кьэс хохьуэ. Кьапщтэмэ, 2011 гъэм ар сом мелуан 17,8-рэ хъуауэ щытамэ, нэгъабэ мелуан 26,8-м нэсащ. Йужьрей ильэситIым а Iэнатlэм и мыльку нэхъыщхьэм инвестицэу сом мелуан 500-м щIигъу хуэзащIагъэуIуащ.

Нэгъабэ и закъуэ Май районым щатащ сатум, жылагъуэ шхапIэхэм, Iуэхутхьэбзэщ щIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэнатlэ-хэм бизнес мащIэм эщщезыгъэужьыну объектэу 43-рэ. Къэгъэльэгъуапхъэщ хьэрхуэрыгъэр зэрыиным кьыхэкIыу производтэ, инноваци лэжьыгъэм пыща бизнесым зэпымыууэ хэкIыпIэщIэхэр кьыхуалъхьуэн зэрыхуейр.

- ХьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэр нобэ Iуэхугъуищым егъэпIей. Апхуэдэщ 2013 гъэм щIышылэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ фIэкIыпIэнш социальэ взносхэр зэрадитIкIэ зэрагъэтар. Хэхьуэщхуэ зимыIэ щхьэзакъуэрылажьэхэм ар яхуэгъэкъаруунукъым. Абыя пэмыльэщу, япэ мазищым къриубыдэу Май районым и хьэрычэтыщIэу 150-м щIигъум налог учетым зрагъэхьакащ. Я нэхъыбэр щIэуфаэу лажьэхэм яхьихьэным хуэIуа щыIэкъым. Ар бюджетым дежкIэ хэщыныгъэщ, щхьэнымыщIаУэ, хьэрхуэрыгъэ мыхьэмыщIэр зэщIигъэпIэнущ. Хэхьуэ щIагъуэ зимыIэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм кьащхьэщык хабзэ щыIэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и Парламентым зыхуэфащэ тхылькIэ Къэрал Думэм зыхуигъэзапхъэу кьыдольытэ, - къиГэльэгъуащ Колесников Юрэ. - Къабзагъэр дэIыгъыным пэкIуэр ятын папщIэ учетым увынуэм зэманыщхуэ Iах, тхылъхэр зэхуэхьэсыным куэдрэ кьыкIэлыкIуэ. Урысейм дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлыпIынымкIэ и Iэнатlэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и Iэщlагъэлэхэм а Iуэхур щыпIэхэм щызэфIагъэкIыпхъэт. «Къэрал къэщIэтэныгъэхэмрэ (кIэлъыпIынигъэ) муниципальнэ къэщIэтэныгъэхэмрэ щрагъэкIуэкIкIэ Iэнатlэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитныныгъэхэм я зэхуэдэитIым кьыхэзэрыгъэзащ. Абы пылъынымкIэ и Iэнатlэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и Iэщlагъэлэхэм а Iуэхур щыпIэхэм щызэфIагъэкIыпхъэт. «Къэрал къэщIэтэныгъэхэмрэ (кIэлъыпIынигъэ) муниципальнэ къэщIэтэныгъэхэмрэ щрагъэкIуэкIкIэ Iэнатlэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитныныгъэхэм и Iэухукъэ» Федеральнэ закон №294-м 2009 гъэм кьару игъуэтами, хьэрычэтыщIэхэм я зэхуэдитIым кьыхэзэрыгъэзащ. Абы лъандэрэ щытыкIэм зихьэужакъым. Нэхъапэмэ хуэдэу, къэпщытэныгъэхэр куэдщ.

Республикэм и Жылагъуэ палатэм и мурадщ «КъБР-м хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цыкIумрэ курытымрэ зыщегъэужьыным хэпь гугъуехьхэмрэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ зыфIаща пленум» зэпущIэ мы зэман гъэнгъум иригъэкIуэкIыну. Май районым и хьэрычэтыщIэхэм зэреупщIам кьрикIуэхэр а зэхьыхьэм кьыщащтэну чэнджэщхэм кьыщалъытэнущ.

БИЩIО Майе.

● Егъэджэныгъэ

УнэтIыныгъэхэр яубзыху

КъБР-м и Iэтащхьэм и дежщыIажьэ, пъэпкъ проектхэр республикэм щыгъэзащIэныкIэ демографие политикэмкIэ советым и зи чэзу зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. Правительствэм и Унэм. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Семэн Пащыкъан абы щища докладым къыхигъэщащ «Егъэджэныгъэ» пъэпкъ проектыр республикэ гъащIэм щыпсэуну пыкIыным хуэщIащ».

МИНИСТРЫМ зэрыжиIамкIэ, ипэ ита ильэсхэми хуэдэу, гъэ кIуами щIыналъэм щагъэзэщIащ проектым кьыщыгъэлъэгъуэ унэтIыныгъэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр гъэсапIэхэм егъэбыдылIауэ щытыныр, егъэджныгъэ Iэнатlэм зиужьын папщIэ IэщlагъэлъэкIэр щыналъэм щыгъэхьэзырыныр, егъэджныгъэм кьыхьыхьэ Iуэху зехьэкIэщIэхэм адэкIи зегъэубгъуныр, егъэджакIуэ нэхъыфIхэм гупльытэ яхуэщIыныр, щIалэгъуалэр лэжьыгъэм теГъэгушхуэныр, класс унафэщIхэм я лжьыгъэм хуэфащэ пщIэ щIэтыныр, хъыбарегъащIэ-коммуникацэ технологиехэм егъэджныгъэ Iэнатlэм нэхъри кьыщыгъэсэбэпынырр, нэгъэущIхэри.

«ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэр гъэпэжин» унэтIыныгъэм щытепсэльыхьым, Семэным кьыхигъэщащ ди республикэм и егъэджакIуэ 440-м сом мин 50-м къыщыщIэдзауэ сом мин 200-м нэс ахъшэ сауГъэтхэр зэрыратар. Абы щыщу нэгъабэ егъэджакIуэ 8-р зэрагъэпэжа сом мин 200 зырызыр кьыхэкIащ федеральнэ бюджетым. Ар республикэм и мылькум кьыхэкIыу егъэджакIуэ 5-м сом мин 100 зырыз, егъэджакIуэ 10-м сом мин тхущI-тхущI хуагъэфэщащ. «2013 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэр яублакIэщ. Абы хэтщ ди щIыналъэм щыщу егъэджакIуэ 58-рэ. Абыхэм зэпеуэм ягъэхьа дэфтэрхэм дыхьэпIащIэ. Апхуэдэ иджвисэ презентацэхэр йокIуэкI.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрэр жыдэкъуэ мэлажьэ «ЩIалэгъалэ зэчиифIэм - къэрал дэIэпыкъуэныгъэ» унэтIыныгъэмкIи. Абы ипкъ иткIэ республикэм кьыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, текIуахэри ахьшэ саугъэтхэмкIэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэпажэ. Апхуэдэу сом мин 60 хьу ахъшэ саугъэт кьэзыхьахэм ящыщу ЩIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ республикэм унэм и гъэсакIуэ Къардэн Регинэ, Мокаевэ Алисэ, ШыгъэлыгIуэ Данэ сымэ. Ахэр щытекIуащ щалэгъуалэ творчествэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм, «ВаГъуэбэ» 13-нэ Урысейпсо олимпиадэм.

Зи узынщагъэм сэкъат иIэ сабийкэр унэм щегъэжьауэ ехьэлIащ Iуэхущхуэ щыIэ-фIах министерствэм. Апхуэдэ сабий 378-м щIэныгъэ зэрыратын техникэ щхьэхуэ кьащэхуащ. Ахэр Интернетым пыщIащ, республикэм и курыт школхэм я компьютер классхэми зэрыщIэр. ЩIыналъэм и курыт школ 97-м кьыщызэрагъэпэщащ «электрон дневникхэр». Абы егъэджакIуэхэм, класс унафэщIхэм махуэ кьэс иралъхьэ еджакIуэм дерсхэм кьыщыхьа оценкэхэмрэ ар школым зэрекIуалIэмрэ я ятехуха хъыбархэр. Абыхэм щыгъуазэ зыхуащIыф Интернетым пыща телефон е компьютер зиIэ адэанэхэм. Гъэ еджагъэущIэм ирихьэлIэу апхуэдэ дневникхэр республикэм и школ псоми яIэнущ.

- 2013 гъэм гупльытэ нэхъыбэ зыхуэтщIыну унэтIыныгъэхэм ящыщу Iэщlагъэ щырагъэгъуэт курыт еджапIэхэм (лицейхэм, техникумхэм, училищэхэм) зегъэужьыныр, абыхэм я пщIэр жылагъуэм кьыщыэтыжыныр, сыту жыпIэмэ зызыужь экономикэр хуэныкъуэщ техникэщIэхэр кьыщагъэсэбэп Iуэхущlапlэхэм щылажьэфыну IэщlагъэлIэм, - кьыхигъэщащ министрым. – А унэтIыныгъэм кьытхуигъэув кьалэнхэм япкъ иткIэ зыхуей-зыхуэфI псомкIи кьызэдгъэпэщынущ республикэм и апхуэдэ еджапIитI. ИужькIэ ахэр тщIынущ пэщIэдзэ, курыт Iэщlагъэ щlалэгъуалэм щызрагъэгъуэт центр лъэш.

«Егъэджныгъэ» лъэпкъ проектым кьыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэ псоми хуэфащэн гулъытэ республикэм щегъуэт, Семэным зэрыжиIамкIэ. Ахэр хуокIуэ абыхэм я гъэзэщIэным тещIыхьа щыналъэпсо программэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрствэм и пресс-Iуэхущlапlэм и унафэщI.

● Тэрч щIыналъэ

Мамырыгъэм и теплъэхэр

Тэрч къалэ дэт школ-лицей №1-м щекIуэкIащ дыпкъхьэм я зэныбжьыгъуэм теухуа фестиваль.

ДУНЕЙМ цIыхуу тетым яку дэлъым куей мамырыгъэм, пъэпкъ хабзэхэм тегъэщIауэ кьызэрагъэпэща цIыхубзым жыдэжэу хэтащ еджакIуэхэр. Абыхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и къудамэ, уи гъунэгъу щIынальэхэм игъащIэ зэрыщIэхэр мамыру щызэдэпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къадекIуэкI къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ ягъэзэщIащ, европей къалащхьэ нэхъ зэфIэзэпщхэм хабжэ Лондон и щIыпIэ нэхъ дахэхэм инджыльзыбзэкIэ тепсэлъыхьахэщ, хьэрыпI лъэпкъым кьыдекIуэ хабзэхэр кьызэхуэтеплъэгъуэхэр ягъэлъэгъащ.

Фестивалым ипкъ иткIэ, лъэпкъ щхьныгъуэ щхьэхуэхэр зэрягъэхьэзыращ.

«Дыз1эмыщхь пэтми, дызэкъуэтщ» зыфIаща гуфIэгъуэ зэлуцIэр мы еджапIэм ильэс кьэс щрагъэкIуэкI икIи кьызэгъэпэщакIуэхэр хущIокъуэ школакIуэхэм я зэхэщIыкIым зезыгъэужь дерсыщIэхэр абы нэхьыбэу зэрыкагъэхьэныж.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Мэзхэр мафIэсым щахъумэ

Тэрч районым щекIуэкIащ мэзхэмрэ абыхэм япэмыжыжьауэ щыпсэу жылагъуэхэмрэ мафIэсым щыхьумэным ехьэлIа зэIущIэ.

КъАПщтэмэ, Джылахьстэнейр мэзкIэ кьулейкъым. Абы емытыжтауэ, гъэмахуэм и хуабэгъуэ лъэхъэжэм ирихьэлIэу щынагъэуэнщагъэм пыща гъэжьыгъэщхуэхэр ирагъэжькI.

ЗэIущIэм хэтащ «Тэрч мэхъумэ» ГКУ-м, район администрацэм и IэрыпмыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, щIыр тэмэму къэгъэсэбэпынымкIэ я къудамэхэм, куейм и мафIэсгъэуэнкIыфI IэнатIэ №11-м я унафэщIэхэр, къэпщытакIуэ органэм, хабзэхьымэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр щыIэныгъэ кьыззрыхагъэщамкIэ, мэзыльэ щIыпIэ зэпыгъэщхьэхухIаХэм лжьакIуэхэр хуярыкIуу гуэщауэ щопльыр. Ахэр, кьанэ щымыIэу, зыхуей Iэмалхэмкъ кьызэрагъэпэщащ.

Щынагъуэ къэзыщIэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыуэ кьагъэлъэгъуащ къэрэкъуурэ гъэсыныр. Дяпэкъ абы хуэсакъынныр бэджэнды рылажьэхэм пщэрыльтщIащIащ. Апхуэдэу мэзхъумэхэр щыпIырыпнущ цIыхухэм зыгъэпсэхупIэ яхуэхъуа щыпIэхэм.

Тэрч районым и мэз Iофэхэр мегрити 5 - 6 я бгъуэгъыу кьавыхьынущ, губгъуэхэм мафIэс кьыщыхьу хьумэ абыхэм эзран яхуэмыхьын папщIэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Къэрал Iуэхущlапlэхэм

Хабзэхэм щыхагъэгъуазэ

Щэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Гадишев Артур хьэрычэтыщIэхэм я зи чэзу семинарыр накъыгъэм и 14-м я хэщlапlэм щригъэкIуэкIащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьызэрагъэпэща зэIущIэм хэтащ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм «Къэбэрдей-Балькъэрым и Шэсыпlэ фондэ» мыкоммерцэ организацэм, куейм щыхуэм лэжьыгъэ кьахуэзэлыхьуэу и центрым, «Урысейм и Мэкъумэш банк», «Урысейм и Хьуматlэ банк» ОАО-хэм я щIыналъэ кьудамэхэм я лIыкIуэхэр, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» ООО-м и республикэ Iуэхущlапlэм и унафэщI Кьылпышкьуэ Альберт, районым и хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цыкIуэхэмрэ курытхэмрэ щышхэр, апхуэдэу зи Iуэху кьыдэзыхьыжьну хуейхэр.

Зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ бизнес мащIэмрэ курытымрэ ягъуэт кьэрал финанс дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, субсидиехэр зэрыухах хабзэхэм, мэкъумэш предприятэхэм защIэгъэкъуэныжмкIэ программэхэм зэрыхьахьэ, «КъБР-м и Шэсыпlэ фонд» мыкоммерцэ организацэр щыхьэту зэрахуэрыв щыкIэм.

Кьапщтэмэ, Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ министерствэм и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ Касьянов Вазген кьытеувыащ илъэс 30-м нэс зи ныбжь хьэрычэтыщIэ щIэзыдзагъащIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ муниципальнэ программэхэм мылыку яхуэхьыным теухуауэ мы гъэм зэфIагъэкIыныхэм, Iэнатlэ цыкIуэхэмрэ курытхэмрэ я инфраструктурэм зегъэужьыным и Iуэхур дгъэжьынымрэ я лIыкIуэхэрэ зэIущIэм къыщыпсэльащ.

2013 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Шэрэдж муниципальнэ районым и налог Iэнатlэхэм щхьэзакъуэрылажьэ хьэрычэтыщIэу 758-рэ щатхащ. Куейм и щIыналъэм предприятэ цыкIуэрэ курыту 124-рэ щыIэщ. 2009 - 2013 гъэхэм абыхэм зэрызрагъэужьынум и щIыналъэ программэр мэлажь. Республикэ программэ хэхахэм япкъ иткIэ, 2011 - 2012 гъэхэм апхуэдэ Iуэхущlапlитlым Къэбэрдей-Балькъэрым и Шэсыпlэ фондыр сом мелуани 10,8-кIэ щыхьэту яхуэзащ, абы и фIыгъэкIэ банк кредиту сом мелуан 17 кьагъэсэбэпащ.

Республикэ, федеральнэ бюджетхэр я щIэзэхьэуэну сом мелуан 11,4-рэ хьууэ муниципальнэ фонд кьыззрагъэпэщащ. Ар иджы мелуан 12,5-м ноблагъэ. 2007-2012 гъэхэм ящыуэдэу сом мелуан 24,5-м хуэзэ заем мыину 161-рэ абы итащ. Я кредит кооперативыкIэ сом мелуани 3,1-кIэ кьыщIэупщIэхэм защIигъэкьуащ.

2011 гъэ лъандэрэ районыр хэтащ республикэ, федеральнэ бюджетхэм я executkIэ муниципальнэ программэхэм мылыку щыхухах зэпеуэм. Абы кьрикIуэм ипкъ иткIэ, а илъэс дыдэм субсидиеу кьрата сом мелуани 3,32-р хьэрычэтыщIэ щIалэхэм гранту хуагъэшащ. Псори зэхэту мелуани 4,15-м хуэзэ гранту 18 ятащ. Нэгъабэ а зэпеуэм субсидиеу сом мелуани 4,72-рэ кьыпэкIуащ. ЩIыпIэ бюджетым щIалэхэмрэ фермер щIэзыдзагъащIэхэмрэ гранту хухахащ. Ахэр 35-рэ мэхъу.

Кьыпlэшыкъуэ Альберт зэпкърыхуэу кьытеувыащ хьэрычэтыщIэхэм я хуитныныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хуэмэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэжм, бизнес мащIэм Пенсэ фондым хилъхьэн хуей социальнэ ахъшэм щегъэжьауэ ар сом мин 36-м ноблагъэ. Страховани щхьэщатыкIэхэр зэрагъэжьащIэнум теухуа федеральнэ законым и проектыр иджыпсту ягъэхьэзащ.

Апхуэдэу «КъБР-м и Шэсыпlэ фонд» мыкоммерцэ организацэм, «Урысейм и Мэкъумэш банк», «Урысейм и Хьуматlэ банк» ОАО-хэм, районым щыхьэхэм Iэнатlэ кьаухуэзэлыхьуэ и Iуэхущlапlэм я лIыкIуэхэрэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● МазитI гъэжьыгъэ

Нэхъыфlхэр къыхах

ЩIыпIэхэр зэщIэгъэкъэбзэныжмрэ щхьэантIагъэхэр хэсэныжмрэ теухуа мазитI гъэжьыгъэр Тэрч районым лъэныкъуэ щыIэ гушэуэ щызэфIагъэкIыжащ.

А УНЭТIЫНЫГЪЭХЭМ хохьэ хабзэм къемызэгъ пхъэнкIий идзыпIэхэр гъэсениыр, кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэхэр гъэкъэбзэныр, жылагъуэхэм дэт фэеплъхэмрэ гъэузугъгъуэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэныр, жьгыщIэхэр хъэныр.

Уэлбанэрилэу зэрыщытам щхьэкIэ кьэмынэу кьуажэхэр зэщIагъэкъэбзащ, жьгъэм сэху ираташ. Мы мазухэм кьарууэ яIэр ирахьэлIэ кьахуэна лъэжьыгъэхэр и кIэм нэгъэсыным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Илъэсищ пIалъэм тращIыхь

● Ухуэныгъэхэр

КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Кхьуэфэ Иринэ иригъэкIуэна зэIущIэм щагъэбелджылащ накъыгъэм и 30-м Мэзкую щыгъэхэтыну аукционым хагъэхьэну щыIыхьэхэр зыхуэдэр. Ахэр гектари 3,82-рэ, гектари 3,4-рэ мэхъу, Налшык къалэм и ипщэ кьухьэпIэ лъэныкъуэм хуозэ.

ЗэIущIэм хэтащ псэупIэ ухуэныгъэм зегъэужьыным и щIэгъэкъуэн Федеральнэ фондым и унафэщIым и кьуэдзэ **Филиппов Денис**, Налшык къалэ администрацэм, хуэдэ ухуэныгъэ организацэхэм, инвестицэ компаниехэм, финанс Iуэхущlапlэхэм, псэупIэ-коммунальнэ комплексым и Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

Филиппов Денис кьыззригъэлъэгъуамкIэ, Федеральнэ фондыр илъэсыпIи хуэдэу зэлажьэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэр ящыщу ухуэныгъэм зегъэужьным щIэгъэкъуэн хуэхьуну, псэупIэалъэхьэхэр игъэхьэзырыну, псэупIэ еэзгъэрабгъуэкIэ, псом япэу кьаст мащIэу зэтетхэр, зыухуэхэм щытыкIэ тэмэм кьаухуэригъэпэщыну.

- Фондым кьеГъэбыдыдIа щIы Iыхьэхэр зэуIуу кьызэрыдгъэсэбэпым, проектхэр и пIалъэм зэрыдгъэзащIэм и фIыгъэкIэ, 2010 - 2013 гъэхэм кьарубыдауэ псэупIэ унэу метр зэбгъуэзнатIэ мелуанэр щIыпIым щIигъу тташ. Абыхэм ящыщу процент 45-р пудхэм хуэдэщ, - жиIащ Филиппов Денис. - Урысей Федерацэм и щIыналъэ 38-м щедгъэжьыкIыну ухуэныгъэхэм я проекту 100-м щIигъу догъэхьэзыр. Ахэр метр зэбгъуэзнатIэ мелуан 16 мэхъу. Ди Фондым, ухуакIуэ организацэхэм, къэрал властым и кьудамэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущlапlэхэм, монополистхэм, коммунальнэ комплексым и Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр зэпхъуэдгъэуIуам апхуэдэ проектхэр нэхъапэм зэрагъэзащIэу щыта пIалъэр ящыщу 2,7-кIэ игъэмэщащ.

Къэдгъэльэгъуауэ щы Iыхьэхэм псэупIэ унэ зэтетхэр иращIыхьынущ. АужырэмкIи тхыльхэм япкъ иткIэ, гектари 3,4-р хьум нэхъ мащIэ дыдэу псэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 11, гектари 3,82-м - метр зэбгъуэзнатIэ мин 20 кьикIыу, я процент 75-р уасэ езэгъыарабгъуэ кьитIасэу щытын хуейщ.

Кьыхаха щы Iыхьэхэм щрагъэжьэныжу лэжьыгъэхэм теухуауэ я Iуэху епIыкIэхэр кьаIуэтащ Налшык къалэ администрацэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кладько Игорь**, архитектурэмрэ кьалэ ухуэныгъэмкIэ Iуэхущlапlэм и унафэщI **Нэгъуэй Арсен**, «ВТБ Банк», «Урысейм и Мэкъумэш банк», «Урысейм и Хьуматlэ банк» ОАО-хэм я лIыкIуэхэр.

Ухуэныгъэр илъэсищ пIалъэм тещIыхьащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● ЩЭныгъэ

ЛэжьакIуэхэм дахэзэныкъуэщ

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьигъэлъэгъуэ бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, ди къэралыгъо псом нэхъыбэ нэхъыбэу зыныкъуэр инженерхэрщ, дохутырхэщ, егъэджакIуэхэрщ.

